

RESPONSABLITE NOU:

Lalwa egzije nou pou nou kenbe enfòmasyon medikal ou yo epi pou nou ba ou yon deskripsyon sou pratik konfidansyalite nou yo. N ap respekte kondisyon avi sa a.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON:

Ki jan nou ka itilize ak divilge Enfòmasyon Medikal sou ou. Kategori sa yo dekri egzanz fason nou itilize ak divilge enfòmasyon medikal yo:

Pou Tretman: Nou ka itilize enfòmasyon medikal sou ou pou ba ou tretman oswa sèvis. Nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou bay doktè, enfimyè, terapet, responsab ka yo, oswa lòt pèsonèl ki patisiye nan pran swen ou nan Sant lan. Pa egzanp: yon doktè nan Crisis Unit ka bezwen konnen ki medikaman ou te resevwa nan konsiltasyon ekstèn. Diferan pwogram nan Sant la ka pataje enfòmasyon medikal ou tou pou kowòdone diferan bagay ou ka bezwen, tankou preskripsiyan, jesyon ka, travay laboratwa, ak repa. Nou ka bay yon Echanj Enfòmasyon Sante (HIE) enfòmasyon medikal tou ak ajans patnè yo oswa yon lòt founisè swen sante ke nou konsilte sou tretman ou oswa ki moun nou refere w pou tretman. Si ou pa vle pataje enfòmasyon sante ou pwoteje ak yon echanj enfòmasyon sou sante, tanpri konseye anplwaye Enskripsyón an pou ranpli fòm refi pou bay enfòmasyon HIE la.

Pou Peman: Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal sou tretman ak sèvis ou yo pou faktire ak kolekte peman nan men ou, konpayi aspirans ou oswa yon tyès pati ki peye. Pa egzanp, nou ka bezwen bay konpayi aspirans ou enfòmasyon sou dyagnostik ou pou l peye nou oswa ranbouse w pou tretman an. Nou ka di tou plan sante w sou tretman w pral resevwa pou detêméne si plan w ap kouvri l.

Pou Operasyon Swen Sante: Manm estaf tretman an ak oswa ekip amelyorasyon kalite yo ka itilize enfòmasyon ki nan dosye medikal ou pou evalye swen ak rezulta nan ka w la ak lòt ka moun ki sanble. Apre sa, rezulta yo pral itilize pou amelyore kalite swen pou tout pasyan nou sèvi yo. Pa egzanp, nou kapab tou konbine enfòmasyon medikal sou anpil pasyan pou evalye bezwen pou nouvo sèvis oswa tretman. Nou ka divilge enfòmasyon bay doktè, enfimyè, terapet, travayè sosyal ak elèv pou rezon edikasyon. Epi nou ka konbine enfòmasyon medikal nou genyen ak sa ki nan lòt sant sante mantal pou wè ki kote nou ka fè amelyorasyon. Nou ka retire enfòmasyon ki idantifye w nan seri enfòmasyon medikal sa a pou pwoteje vi prive w. Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal tou:

- Pou asosye biznis nou te fè kontra avèk yo pou fè sèvis ki te mande a ak faktire li;
- Pou fè w sonje ke ou gen yon randevou pou swen;
- Pou evalye satisfaksiyon ou ak sèvis nou yo;
- Pou fè w konnen alténativ tretman posib;
- Pou fè w konnen benefis oswa sèvis ki gen rapò ak sante;
- Pou fè evalyasyon kalite ak aktivite amelyorasyon pou sèvis swen sante nou bay yo;

- Pou antreprann aktivite planifikasyon ak jeson biznis; epi
- Pou fè pwogram fòmasyon oswa revize konpetans pwofesyonèl swen sante yo.

Lè n ap divilge enfòmasyon, rapèl prensipal randevou yo ak efò fakti/rekouvreman, nou ka kite mesaj sou repondè ou oswa nan bwat vokal ou.

Asosye Biznis: Gen kèk sèvis yo bay nan òganizasyon nou an atravè kontra ak asosye biznis. Egzanp yo enkli, men se pa sa sèlman, transkriptè, oditè, ak avoka. Lè sèvis sa yo gen kontra, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou yo bay asosye biznis nou an pou yo ka fè travay nou te mande yo fè a epi voye bòdwo w, konpayi aspirans ou a, yon pati tyès ki peye pou sèvis yo bay, oswa Sant lan. Pou pwoteje enfòmasyon medikal ou yo, sepandan, nou mande asosye biznis la pou pwoteje enfòmasyon medikal ou yon fason apwopriye.

Moun ki patisiye nan Swen Ou oswa Peman pou Swen

Ou: Nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou bay yon zanmi oswa yon manm fanmi ki patisiye nan swen medikal ou sèlman apre nou resevwa otorizasyon vèbal oswa alekri nan men ou. Anplis de sa, nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou bay yon antite k ap ede nan yon efò sekou pou katastwòf pou fanmi ou ka jwenn enfòmasyon sou kondisyon w, sitiyasyon w ak kote w ye a.

Rechèch: Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou bay chèchè yo lè yon komite revizyon entèn te revize ak apwouve pwovizyon enfòmasyon pou pwopozisyon rechèch la ak etabli pwotokòl pou asire enfòmasyon medikal ou yo konfidansyèl, oswa enfòmasyon ki idantifye w yo te retire nan enfòmasyon medikal la. Enfòmasyon ki idantifye w ap rete konfidansyèl.

Jan Lalwa Mande I:

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal tou pou kalite antite sa yo, ki gen ladan men pa limite a:

- Administrasyon Manje ak Medikaman
- Sante Piblik oswa Otorite Legal ki responsab pou anpeche oswa kontwole maladi, blesi oswa andikap
- Enstitisyon Koreksyonèl yo
- Ajan Endemnizasyon Travayè yo
- Otorite Kòmandman Militè yo
- Ajans Sipèviziyon Sante yo
- Medsen Lejis, ak Direktè Pomp Finèb
- Ajans Sekirite Nasional ak Ransèyman
- Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan an ak Lòt
- Otorite Lalwa otorize pou resevwa rapò sou Abi, Neglijans, Eksplwatasyon oswa Vyolans Domestik
- Antite ki itilize enfòmasyon medikal yo pou evite yon menas grav pou sante oswa sekirite

Aplikasyon Lalwa/ Pwosedi Legal: Nou ka divilge enfòmasyon medikal pou fè respekte lalwa jan lalwa egzije sa oswa an repon a yon sitasyon valab oswa yon desisyon lajistis.

Nòt Sikoterapi: Nòt sikoterapi vle di nòt anrejistre (nan nenpòt mwayer) pa yon founisè swen sante ki se yon pwofesyonèl sante mantal ki dokimante oswa analize sa ki nan konvèrsasyon an pandan yon sesyon konsèy prive oswa yon gwoup, jwenti, oswa sesyon konsèy familyal epi ki separe ak rès la nan dosye medikal moun nan. Nòt sikoterapi yo ekskli preskripsyón medikaman ak siveyans, lè kòmanse ak kanpe sesyon konsèy yo, kalite ak regilarite tretman yo bay, rezulta tès klinik yo, ak nenpòt rezime atik sa yo: dyagnostik, sitiyasyon fonksyonèl, plan tretman an, sentòm, pronostik, ak pwogrè jiska dat.

Yo pa ka divilge nòt sikoterapi san otorizasyon ekri w eksepte nan sèten sikonstans limite:

- Itilizasyon oswa divilgasyon nan pwogram fòmasyon sante mantal ki sipevize pou elèv, estajyè, oswa pratikan;
- Itilize oswa divilgasyon pa antite ki garanti a pou defann yon aksyon legal oswa lòt pwosedi moun nan pote;
- Yon itilizasyon oswa divilgasyon ke lalwa egzije;
- Yon itilizasyon oswa divilgasyon ki otorize:
 - pou sipèviziyon legal ak klinik sikoterapet ki te fè nòt yo,
 - pou anpeche oswa diminye yon menas grav ak iminan pou sante oswa sekirite biblik la

Kondisyon Espesifik Eta a: Anpil eta gen kondisyon pou fè rapò ki gen ladan aktivite ki baze sou populasyon an ki gen rapò ak amelyore sante oswa diminye depans swen sante yo. Kèk eta gen lwa sou vi prive separe ki ka aplike lòt kondisyon legal. Si lwa sou enfòmasyon prive eta a pi sevè pase lwa sou enfòmasyon prive federal yo, lwa eta a pi sevè pase sou lwa federal la.

PLENT

Si w kwè yo vyole dwa konfidansyalite w yo, ou ka pote yon plent nan Sant lan lè w soumet plent la alekri bay: PRC Privacy Officer, P.O. Box 1559, Bartow, FL 33831-1559. Ou ka depoze yon plent ak Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen tou lè w voye I bay Medical Privacy (Konfidansyalite Medikal), Complaint Division Office for Civil Rights (Biwo Divizyon Plent pou Dwa Sivil), U.S. Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini), 200 Independence Avenue, SW., Room 509F, HHH. Building, Washington D.C. 20201. **Yo p ap pran vanjans kont ou si w depoze yon plent.**

DWA ENFÒMASYON MEDIKAL OU

Malgre ke dosye medikal ou se pwopriyete fizik Sant lan, ou gen **Dwa pou:**

Enspekte epi Jwenn yon Kopi: Ou gen dwa pou enspekte epi jwenn yon kopi enfòmasyon medikal ki ka itilize pou pran desizyon sou swen ou lè w mande l alekri epi ba nou enfòmasyon espesifik nou bezwen pou w ranpli demann ou an. Anjeneral, sa a gen ladan dosye medikal ak bòdwo, men li pa enkli nòt sikoterapi oswa enfòmasyon konpilé nan yon antisipasyon rezonab nan pwosedi sivil, kriminèl oswa

administratif. Nou ka refize demann ou pou enspekte ak kopye nan sèten sikontans trè limite. Si yo refize w aksè a enfòmasyon medikal, ou ka mande pou yo revize refi a. Yon lòt pwofesyonèl swen sante ki gen lisans Sant lan chwazi ap revize demann ou an ak refi a. Moun ki fè revizyon an pa pral moun ki te patisipe nan refi demann orijinal ou a. Nou pral respekte rezulta revizyon an.

Modifye: Si ou santi ke enfòmasyon medikal nou genyen sou ou pa kòrèk oswa enkonplè, ou ka mande nou modifye enfòmasyon yo alekri ak yon rezon pou sipòte yon demann pou modifikasyon an. Ou gen dwa pou mande yon modifikasyon pou toutotan enfòmasyon yo kenbe pa oswa pou Sant lan. Nou ka refize demann ou an pou yon modifikasyon epi si sa rive, y ap fè w konnen rezon ki fè refi a.

Yon Kontabilizasyon Divilgasyon: Ou gen dwa pou mande yon kontabilizasyon divilgasyon yo. Sa a se yon lis sèten divilgasyon nou fè sou enfòmasyon medikal ou pou lòt rezon ke tretman, peman oswa operasyon swen sante kote yo pa t mande yon otorizasyon.

Restriksyon sou Demann: Ou gen dwa pou mande yon restriksyon oswa yon limit sou enfòmasyon medikal nou itilize oswa divilge sou ou pou tretman, peman oswa operasyon swen sante. Ou gen dwa tou pou mande yon limit sou enfòmasyon medikal nou divilge sou ou bay yon moun ki patisipe nan swen ou. Pa egzanp, ou ta ka mande pou nou pa itilize oswa divilge enfòmasyon sou yon sèvis ou te resevwa. Nou pa oblige dakò ak demann ou an. Si nou dakò, n ap respekte demann ou an sof si enfòmasyon yo bezwen pou ba ou tretman ijans.

Demann Kominikasyon Konfidansyèl: Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou zafè medikal nan yon sèten fason oswa nan yon sèten kote. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte ou nan travay ou olye lakay ou. Sant lan pral akòde demann pou kominikasyon konfidansyèl nan lòt kote ak/oswa atravè lòt mwayen sèlman si demann lan soumèt alekri epi demann alekri a gen ladann yon adres postal kote moun nan ap resevwa bòdwo pou sèvis Sant lan bay ak korespondans ki gen rapò ak peman pou sèvis yo. Tanpri konnen ke nou rezèye dwa pou kontakte ou pa lòt mwayen ak nan lòt kote si ou pa reponn a nenpòt kominikasyon nan men nou ki mande yon repons. Nou pral fè w konnen an akò ak demann orijinal ou anvan nou eseye kontakte w pa lòt mwayen oswa nan yon lòt kote.

Yon Kopi Papye Avi sa a: Ou gen dwa pou w jwenn yon kopí avi sa a sou papye. Ou ka mande nou ba ou yon kopí avi sa a nenpòt ki lè. Menm si ou te dakò resevwa avi sa a elektwonikman, ou toujou gen dwa pou w resevwa yon kopí avi sa a sou papye. Si Sant lan gen yon sit entènèt, ou ka enprime oswa wè yon kopí avi a lè w klike sou lyen Avi sou Pratik Konfidansyalite yo.

CHANJMAN AVI SA A

Nou rezèye dwa pou chanje avi sa a epi avi ki revize oswa chanje a pral aplike pou enfòmasyon nou deja genyen sou ou ansanm ak nenpòt enfòmasyon nou resevwa alavni. Avi aktyèl la pral afiche nan Sant lan, epi si Sant lan gen yon sitwèb, sou sitwèb la. Nenpòt avi ki revize oswa chanje ap gen ladan dat an vigé a epi ou ka jwenn yon kopí alekri sou demann.

LÒT ITILIZASYON ENFÒMASYON MEDIKAL

Lòt itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal ki pa kouvri nan avi sa a oswa lwa ki aplike pou nou yo pral fèt sèlman avèk pèmisyon alekri ou. Si ou ban nou pèmisyon pou nou itilize oswa divilge enfòmasyon medikal sou ou, ou ka revoke pèmisyon sa a, alekri, nenpòt ki lè. Si w anile pèmisyon w, nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou ankò pou rezon otorizasyon ekri w la kouvri. Ou konprann ke nou pa kapab repran nenpòt divilgasyon nou te deja fè avèk pèmisyon ou, e ke nou oblige kenbe dosye nou yo sou swen nou te ba ou ak dokimante.

Si w gen nenpòt kesyon sou avi sa a, tanpri kontakte Ofisyé Konfidansyalite Sant lan (Chèf Operasyon) lè w rele nan 863-519-0575.



AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

AVI SA A DEKRI KIJAN ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU YO KAPAB ITILIZE AK DIVILE AK KIJAN OU KA JWENN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A. TANPRI REVIZE LI AK SWEN.

Chak fwa ou resevwa yon sèvis nan Peace River Center ("Sant la"), yo fè yon dosye sou vizit ou a. Tipikman, dosye sa a gen sentòm ou yo, evalyasyon, dyagnostik ak tretman, yon plan pou swen oswa tretman alavni, ak enfòmasyon ki gen rapò ak bòdwo. Avi sa a aplikab pou tout dosye swen ou ki te pwodwi nan Peace River Center, yo rele nan Avi sa a kòm "enfòmasyon medikal".

Dat An Vigè: 14 avril 2003
Revize: Mas 2024